

BAB V

Simpulan, Implikasi jeung Rekomendasi

5.1 Simpuluan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskrripsikeun objék anu dikaji ku panalungtik anu satuluyna dipatalikeun jeung bahan pangajaran di sakola. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta Kasenian Topéng Kaléng nu ditilik tina jihat tanda (sémiotik) kalayan dipatalikeun kana bahan pangajaran maca artikel di kelas XII SMA. Ari déskripsina ngawengku (1) gambaran Umum Kasenian Topéng Kaléng, (2) prak-prakan Kasenian Topéng Kaléng, (3) unsur sémiotik dina Kasenian Topéng Kaléng, (4) larapna hasil panalungtikan kana bahan pangajaran. Anapon tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori sémiotik Charles Sanders Peirce anu ngawengku ikon, indéks, jeung simbol. Satuluyna, ieu panalungtikan dilarapkeun jeung dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca artikél budaya di kelas XII SMA. Métodé anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métodé déskriptif kualitatif kalawan téhnik talaah pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Anapon instrumén anu digunakeun nyaéta daftar céklis, jeung kartu data.

Dumasar kana hasil panalungtikan Kasenian Topéng Kaléng mangrupa kasenian has Kabupatén Karawang nu aya ti taun 2011. Ieu kasenian téh mangrupa kamekaran Kasenian Topéng Banjét. Aya sababaraha hal anu ngabédakeun ieu kasenian jeung kasenian Topéng Banjét nyaéta anu maénna jeung waditrana. Pamaén dina Kasenian Topéng Kaléng nyaéta barudak sedengkeun waditra anu digunakeunana dijieunna tina kaléng.

Prak-prakan pintonan Kasenian Topéng Kaléng kabagi jadi tilu bagéan Kahiji, prak-prakan saacan lumangsungna pintonan anu ngawengku tatahar saacan pintonan jeung ayana sasajén anu disadiakeun saacan pintonan Kasenian Topéng Kaléng dimimitian. Kadua, prak-prakan lumangsungna pintonan anu ngawengku tatalu, lagu bubuka, jaipong, bodoran jeung drama. Katilu prak-prakan sanggeus lumangsungna pintonan ti mimiti meresan sakabéh pakakas jeung sakabéh pamaénna ngariung pikeun narima honor nabeuhna.

Unsur-unsur dina Kasenian Topéng Kaléng mibanda tanda-tanda nu nuduhkeun kana harti nu tangtu. Tanda anu kapaluruh dina Kasenian Topéng

Kaléng aya 35 tanda ngawengku ikon 23, indéks 6, simbol 6. Ikon anu kapaluruh dina Kasenian Topéng Kaléng réa anu patali jeung waditra atawa aksésoris anu dipaké ku pamaénna, utamana Kembang Topéng misalna sobrah, toka-toka, jrrd. Ari indéks anu kapaluruhna mah réréana patali jeung unsur-unsur anu aya dina Kasenian Topéng Kaléng saperti lagu bubuka, tatalu, jrrd. Anapon simbolna mah, réa anu patali jeung istilah atawa sesebutan anu dipikaharti tur disapukan ku sakabéh pamaénna misalna dalang, tari topéng, jrrd.

Patalina jeung bahan pangajaran, tétéla Kasenian Topéng Kaléng téh nyumponan kana kritéria dina milih bahan pangajaran jeung nyusun bahan ajar. Unsur-unsur dina Kasenian Topéng Kaléng téh mibanda ajén-inajén anu hadé pikeun ngawangun karaktér siswa sarta kapribadian siswa di sakola.

5.2 Implikasi jeung Rekomendasi

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun ieu kasenian hususna Kasenian Topéng Kaléng. Saran pikeun mahasiswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi referensi bacaeun hususna ngeunaan ulikan sémiotik. Saran pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep aya panalungtikan satuluyna anu bisa ngeuyeuban kalawan leuwih nyuksuk jero, lantaran Kasenian Topéng Kaléng miboga ajén-inajén anu jembar. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh pikeun panalungtik satuluyna sangkan bisa nalungtik ulikan sémiotik kalawan nyuksuk jero. Ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun référénsi pikeun panalungtikan séjénna anu aya patalina jeung Kasenian Topéng Kaléng.

Saran pikeun guru nyaéta dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun rujukan jeung pilihan dina nangtukeun bahan pangajaran di sakola hususna kelas XII SMA. Saran pikeun masarakat nyaéta ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh masarakat kana seni jeung budaya Sunda ogé ajén-inajén anu nyangkaruk dina Kasenian Topéng Kaléng bisa mangpaat pikeun kahirupan sapopoé tur masarakat boga karep pikeun ngamumulé ieu kasenian.